

**Prezidan Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



# Priyè Lafwa

**P**riyè se plis pase pawòl n ap pale avèk Bondye. Se yon kominikasyon ki ale nan de sans, ant Bondye ak pitit li.

Lè priyè fèt jan l ta dwe fèt la, nou eksprime santiman kè nou nan mo senp. Pè Selès la tipikman reponn kote li mete ide nan panse nou ki akonpaye pa santiman ke nou santi. Li toujou tande priyè sensè nou ofri yo lè nou priye avèk yon detèminasyon pou n obeyi li, kèlkeswa repons li ba nou e kèlkeswa lè repons lan vini.

Senyè a fè pwomès sa a pou tout moun ki li ak priye osijè Liv Mòmmon an:

“Epi lè nou resevwa bagay sa yo, m vle egzòte nou pou nou mande Bondye, Papa Etènèl la, nan non Kris la, si bagay sa yo se pa verite; e si nou mande avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl, si nou gen lafwa nan Kris la, l ap montre nou se verite, avèk pouvwa Sentespri a.

“Epi, pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen verite nan tout bagay” (Moroni 10:4–5).

Pwomès sa a asire. Dè milyon moun teste e demontre bèl pwomès sa a sou lapriyè a kote yo resevwa yon benediksyon ki ranpli lavi yo avèk lajwa ak bonè dirab. Pwomès sa a aplike pou tout priyè nou fè pou n konnen dezi ak volonte Bondye pou nou. Nou ka aplike li kèlkeswa lè nou resevwa yon konsèy nan men yon sèvitè Bondye ki otorize pou ba nou direksyon. Pa egzanp, nou ka konte sou li lè n ap koute yon diskou nan konferans jeneral. Nou ka aplike li lè n ap resevwa ansèyman nan men enb misyonè aple pa Bondye pa lentèmedyè pwofèt vivan an.

Li aplike tou pou konsèy n ap resevwa nan men evèk nou ak prezidan branch nou.

Pou lapriyè byen travay nan lavi nou, règ yo senp. Nou dwe priye Papa a nan non Jezikri kote n ap mande l pou fè nou konnen sa ki vrè. Nou dwe mande avèk yon kè sensè, kivledi nou dwe gen entansyon onèt pou nou fè kèlkeswa sa repons Bondye a mande nou pou nou fè. Epi entansyon reyèl nou an dwe soti nan lafwa nou nan Jezikri.

Investigatè ki li Liv Mòmmon an anvan yo batize ak konfime yo kapab resevwa asirans ke liv la vrè ak yon temwayaj ke Joseph Smith te tradui li pa pouvwa Bondye. Apre nou fin konfime kòm manm nan legliz la, nou ka pa gen Sentespri a kòm konpayon nou pou konfime lòt verite yo. Lè sa a, chak fwa nou priye ak lafwa, nou ka atann ke Sentespri a ap temwaye nou ke Jezi se Kris la, ke Bondye vivan, epi Yo renmen nou menm ak tout pitit Pè Selès la yo.

Se youn nan rezon k fè gen yon pwomès nan Liv Mòmmon an ki di ke n ap gen charite nan kè nou lè Sentespri a temwaye nou ke Jezi se Kris la: “Si yon moun dou e poze nan kè, e li konfese Jezi se Kris la avèk pouvwa Sentespri a, li dwe gen charite” (Mowoni 7:44).

Gen yon gwo opòtinite pou nou pwogrese esprityèlman chak Dimanch jèn. Dimanch jèn nan kapab ede nou rapwoche de eksperyans Alma ak pitit gason Mozya yo, ki te priye ak jene pou konnen verite etènèl la pou yo te kapab anseye Lamanit yo avèk pouvwa, otorite, ak lanmou (gade Alma 17:3, 9).

Jou Dimanch jèn nan, nou konbine lapriyè ak jèn. Pou ede moun ki pòv yo, nou bay evèk la oswa prezidan branch lan yon ofrann jèn plen jenewozite ki egal ak omwen valè de repa ke nou sote. Panse nou ak priyè nou yo tounen vè Sovè a ak moun li ta renmen nou sèvi yo pou reponn bezwen espirityèl ak tanporèl yo.

Konsa, priyè nou yo ak dezi nou yo vin pi plis tankou priyè ak dezi Sovè a pandan n ap jene pou nou vin pi dou, pi anseyab ak pi eman. Epi, jan Li te fè a, nou priye pou n konnen volonte Papa a pou nou ak pou nou fè volonte li.

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring anseye ke lapriyè ak jèn kapab ede nou “konnen verite etènèl yo.” Konsidere nan ki domèn temwayaj moun w ap vizite yo kapab bezwen fòs epi prepare yon leson sou sijè sa a. Pa egzanp, si yon moun w ap vizite te pèdi yon bon zanmi oswa yon manm fanmi li, panse pou w pale sou fanmi etènèl ak lavi apre lanmò. Ou gen dwa ofri pou w jene avèk moun w ap vizite yo pou ka ede yo akri yon temwayaj sou prensip sa a.

## JÈN YO

### Prepare anvan ou priye

**P**rezidan Eyring raple nou ke lapriyè “se yon komini-kasyon adesans ant Bondye ak pitit li.” Pran tan pou w prepare w pou priyè ou yo kapab rann komini-kasyon adesans sa a posib. Ou gen dwa itilize journal ou pou

pase kèk minit ap prepare pou w priye chak jou. Ou gen dwa fè lis benediksyon ou vle remèsye Pè Selès la pou yo, moun ki bezwen priyè ou, ak kesyon ou bezwen repons pou yo. Apresa envite Lespri a kote w ap chante yon kantik oubyen li kèk vèsè nan ekriti yo. Lè w ap priye, pote atansyon sou fason Sentespri a gide sa ou dwe di yo, epi pote atansyon sou sa w santi ak sa w panse (gade D&A 8:2–3). Panse pou w ekri eksperyans ou nan journal ou epi repase repons ou resevwa yo. Epi-tou, ou gen dwa itilize aktivite yo ki nan paj 95–97 nan *Preche Levanjil Mwen an: Yon Gid pou Sèvis Misyone* a pou ede ou fè evalyasyon priyè w yo ak aprann rekonèt Sentespri a.

## TIMOUN

### Sandwich priyè

**K**ijan pou w konnen sa pou w di lè w ap priye? Ou ka kòmanse priyè w yo avèk, “Chè Papa nou ki nan syèl la,” epi fini yo avèk “Nan non Jezikri, amèn.” Sa w ap di nan mitan yo se chwa pa ou, menmjan ak chwazi kisa pou w mete nan yon sandwich.

Fè desen yon sandwich, pandan w ap chwazi anpil bagay diferan ou ta renmen nan sandwich ou a. Sou chak moso vyann oubyen bagay nan mitan moso pen yo, ekri yon bagay ke ou ta renmen priye sou li. Ou ka di “mèsi” pou benediksyon yo, pale sou pwoblèm ou, mande benediksyon, oswa priye sou kesyon w yo.

Ou ka koupe foto sandwich ou a. Kwoke l nan chanm ou pou ede w sonje sa ou ka di nan priyè ou yo.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon Divin Jezikri a: Pen Lavi a

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)*

*Sa se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaje ki dekri kèk aspè sou misyon Sovè a.*

Jezi te di: “Mwen se pen lavi a ki desann soti nan syèl la: si yon moun manje nan pen sa a, l ap viv pou tout tan” (Jan 6:51). Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Jezi anseye nou menm, disip li yo, pou nou priye Bondye chak jou pou pen—èd ak soutyen—n ap bezwen nan jou sa a.” “Envitasyon Senyè a . . . evoke yon Bondye eman, ki konsyan de bezwen kotidyen pitit li, menm bezwen ki pi piti yo, e ki gen dezi pou ede yo, youn pa youn. Li di ke, ak lafwa, nou ka mande Èt sa a ‘ki bay tout moun liberalman, epi san repwòch, epi l ap ba li l’ la (Jak 1:5).”<sup>1</sup> Lè nou konprann ke Jezikri ap reponn bezwen nou yo, n ap tounen nou vè Li memn pou soutyen espiyèl nou.

Èldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot yo envite nou pou nou

“ini nan avanti premye disip Kris yo ki yo menm tou te anvi jwenn pen lavi a—sa ki pa te ale yo men ki te vin jwenn ni yo, ki te rete avèk li, epi ki te rekonèt ke pou sekirite yo ak sali yo, pa t gen okenn lòt moun yo te ka al jwenn.”<sup>2</sup>

## **Ekriti adisyonèl**

Jan 6:32–35; Alma 5:34;  
3 Nefi 20:3–8

## **Nan ekriti yo**

Jezi t ap anseye yon gwo foul ki te gen plis pase 4.000 moun. Apre twa jou, li te di disip li yo: “Kè m fè m mal pou moun sa yo, paske yo pa gen . . . anyen pou yo manje:

“E si m voye yo al lakay yo konsa san manje, ya tonbe feblès nan chemen. . . .

“Disip li yo te reponn ni, Nan dezè sa a, ki bò pou n jwenn pen pou plen vant tout moun sa yo?

“Epi [Jezi] te mande yo: Konbyen pen nou gen la a? Epi yo te di, Sèt.”

Epi Kris la te “pran sèt pen yo, li di Bondye mèsi, epi li kase yo an moso, epi li remèt yo bay disip li yo pou yo mache ba tout moun; . . .

“Epi yo te gen kèk ti pwason la tou: epi li te beni yo, epi li te mande disip yo pou yo mache bay tout foul moun yo.

“Konsa tout moun te manje vant plen; epi yo te plen sèt panye pote ale avèk moso ki te rete.” (Gade Mak 8:1–9.)

## **NÒT**

1. D. Todd Christofferson, “Recognizing God’s Hand in Our Daily Blessings,” *Liahona*, Jan. 2012, 25.
2. Jeffrey R. Holland, “He Hath Filled the Hungry with Good Things,” *Liahona*, Jan. 1998, 76.

## **Konsidere bagay sa a**

Lè nou vin jwenn Kris la,  
kijan Li nourri nou?